

SA OU DWE FE APRE SIKLON NAN E SA OU PA DWE FE

Kek bagay Kontra Konstriksyon ou dwe fe e sa ou pa dwe fe

- **DWE** mande pou we lisans kontraktè a e asire ke li matche moun k'ap montre li;
- **DWE** detèmine pou ki kantite tan kontaktè a te nan biznis;
- **DWE** kontakte Depatman Regilasyon Biznis e Pwofesyonel (1-850-487-2252) oswa www.myflorida.com pou verifye kondisyon kouran lisans;
- **DWE** mande pou referans e cheke sou yo;
- **DWE** chwazi plizyè kontraktè e fe yon tout estime pri a; e
- **DWE** pran kontra a sou papyè – li kontra a, ranpli tout spas vide, asire ke li gen non kontraktè a, adres, nimewo telefon, nimewo lisans, deskripsyon travay, dat konplasyon, e nenpot kontra garanti.
- **PA DWE** anboche yon kontraktè ki bezwen peman nan avans – aranje pou peye sou konplasyon travay la oswa nan pati;
- **PA DWE** siyen sètifika konplasyon travay la jistan travay la konplete yon jan ki satisfye ou;
- **PA DWE** peye kob; e
- **PA DWE** pran pèmit konstwiksyon yo.

Fe Atansyon a Fwod!

Viktim Dezaz Natirel dwe pran swen ke yo pa vin viktim yon dezyèm fwa – pa ajistè malonèt, kontraktè ou revandè.

Pou verifye ke yon ajistè lisansye rele **1-800-227-8676**.

Konsomè yo dwe verifye ke yon reprezantan FEMA (Ajans Dirijan Ijans Federal) ou SBA (Administrasyon Biznis Pitit) gen yon kat ID foto lamine. Yon mant ou chemiz FEMA ou SBA pa prev afilyasyon.

“Lwa kont moun k'ap pran avantaj pa anpeche pwofi, men li anpeche pwofitè san moral”

Konsomè kapab cheke si yon kontraktè lisansye a www.myfloridalicense.com.

Nenpot fwod ou moun k'ap pran avantaj sispekte kapab rapòte a biwo Avoka Jeneral Eta a a **1-866-966-7226**.

Konsenan FloridaLawHelp.org

FloridaLawHelp.org administre pa Florida Justice Technology Center, Inc. e pwodwi nan kooperasyon avek Pro Bono Net e òganizasyon sèvis legal toutpatou nan Florida

Pou jwenn biwo èd legal ou sèvis legal lokal ou a, tanpri vizite nou sou intènèt la a www.floridalawhelp.org.

- Biwo èd legal ou sèvis legal lokal ou kapab jwenn atrave lyen “Jwenn Èd Lokal” ou “Anyè” anwo paj la.
- Si ou pa gen aske a intènèt la, konseye Èd Anyè lokal ou a pou nimewo telefon biwo èd legal ou sèvis legal ki pi pre ou a.